

# APLIKE POU YON LISANS ESTANDA POU KONDWI NAN MASSACHUSETTS

Apati Jiyè 2023 yon nouvo lwa eta a otorize moun pou yo genyen lisans pou yo kondwi kèlkeswa estati imigrasyon yo

## PREPARE EPI POTE DOKIMAN SA YO AVÈK OU:



1. **YOUN** nan sa yo, ki pa ekspire:

- Paspò
- Dokiman ki sòti nan konsila pou idantifye-w



2. **YOUN** nan sa yo, ki pa ekspire:

- Dokiman idantifikasyon nasyonal de peyi nasyonalite moun nan
- Sètifika nesans (orijinal oswa kopi "sètifye", ki se yon kopi ofisyèl ak yon so oswa yon tenb ki sòti kote yo fè dokiman gouvènman an)
- Lisans pou kondwi a (li gendwa de Etazini oswa yon lòt peyi)
- Sètifika maryaj oswa dekrè divòs (ki fèt nan Etazini sèlman)



3. **YON** dokiman ki montre wap viv nan Massachusetts. Li dwe genyen non-w ak adrès ou nan Massachusetts sou li. Kèlke egzanp dokiman ki akseptab:

- Yon bòdwo medikal oswa lopital (ki pa gen plis pase 60 jou)
- Yon sou chèk (ki pa genyen plis pase 60 jou)
- Yon dokiman lekòl: relve nòt ofisyèl oswa yon fakti frè lekòl ane aktyèl la, oswa prèv enskripsyon (ki pa genyen plis pase 60 jou)
- Dokiman asirans pou ane aktyèl la: asirans pou lokatè, pwopriyetè oswa machin
- Yon lèt de yon ajans gouvènman (li gendwa eta, federal oswa lokal)
- Yon kontra lwaye ki aktyèl.
- Yon atestasyon ipotèk
- Bòdwo sèvis (gaz, elektrisite, dlo)
- Yon atestasyon bankè oswa kat kredi (ki pa gen plis pase 60 jou)
- Yon bòdwo telefòn (ki pa gen plis pase 60 jou)



4. **YOUN** nan sa yo:

- Si-w te janm genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal ki te yo ba ou, ou dwe bay nimewo a.
- Si-w pat janm genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal, ou kapab:
  - Siyen yon dokiman sou sèman ke ou pa genyen youn pandan dat aplikasyon an pèsòn ou a, oswa avan-w wè yon notè: <https://www.mass.gov/doc/affidavit-absans-ssn-haitian-creole/download>
  - Jwenn yon lèt refi "Sekirite Sosyal" lè-w ale an pèsòn nan biwo Administrasyon Sekirite Sosyal. Pote lèt la avèk ou pou aplike pou yon lisans, li pa ka plis pase 60 jou parapò ak jou ou te aplike a.



5. **Tradiksyon "Sètifye"** nempòt dokiman ki pa an Anglè. Tradiksyon yo pa bezwen notarye men yo bezwen sètifye pa yon moun tankou yon pwofesè bileng, yon konpayi ki bay sèvis lang, yon òganizasyon kominotè, oswa yon notè bileng: <https://www.mass.gov/doc/sample-translation-certification-format/download>



## PWOSESIS APLIKASYON AN

Yo rele yon lisans estanda Massachusetts (ki pa yon "VRÈ IDANTIFIKASYON") yon lisans "Pasaje (Klas D)" pou yon veyikil ak "Klass M" pou yon motosiklèt. Li koute \$115.

**TRANSFÈ LISANS:** Si-w gen yon lisans yon lòt eta nan Etazini ki poko ekspire oswa ki genyen mwens pase yon ane depi ke li te ekspire, ou ka "transfere" lisans ou an nan lisans estanda Massachusetts san w pa pran yon egzamen ekri oswa pratik. Kòmanse aplikasyon w lan sou entènèt epi pran yon randevou pou soumèt dokiman w yo an pèsòn nan yon lokal RMV nan: <https://www.mass.gov/myrmv>. Ou ka pran yon randevou kounye a soti premye Jiyè a kontinye. Ou ka transfere yon lisans tou depi Meksik, Kanada, Kore di Sid, Alman, Frans ak Taymann.

**NOUVO LISANS:** Si ou pap transfere yon lisans, ou pral oblije pran pèmi apranti a anvan sa. Kòmanse aplikasyon w lan sou entènèt epi pran yon randevou pou soumèt dokiman w yo an pèsòn nan yon lokal RMV nan: <https://www.mass.gov/myrmv>. Ou ka pran yon randevou kounye a soti premye Jiyè a kontinye.

Nan jou randevou w la, pote dokiman w avèk ou. Ou pral genyen pou pase yon egzamen zye. Ou ka pran tès ekri a pandan randevou w la, oswa aprè lakay ou sou entènèt. Egzamen an kouvri kesyon sou règleman sikilasyon. Yon fwa w pase tès ekri a, ou pral resevwa yon pèmi apranti, sa ki pral pèmèt ou fè pratik pou kondwi. Se poko lisans lan sa.

Ansuit ou pral pran randevou sou entènèt pou pran tès pratik ou a. Yon chofè ki gen lisans dwe akonpanye w nan machin ni an pou pran tès pratik la. Si w pase tès pratik la, wap genyen lisans lan!

## KISA-W TA DWE PREPARE

- Deside ki dokiman ou plarifye pou prezante nan lis ki nan lòt paj la.
- Mande nenpòt dokiman w bezwen ke ou pa genyen.
- Renouvle nenpòt dokiman ki te ekspire.
- Jwenn tradiksyon ki sètifye pou nenpòt dokiman ki pa an anglè.
- Jwenn oswa enprime yon dokiman rezidans, veriye pou rasire ke li pa gen plis pase 60 apati dat randevou w la ak RWV.
- Peye nenpòt frè oswa amann tikè paking/kontravansyon.
- Yon fwa w genyen dokiman w yo pare, mete yon randevou sou entènèt pou premye Jiyè pou w soumèt yon aplikasyon an pèsòn nan yon sant sèvis RMV: <https://www.mass.gov/myrmv>
- Etidye pou tès alekri w la. Manyèl pou chofè a disponib nan plizyè lang.  
<https://www.mass.gov/lists/drivers-manuals#massachusetts-driver's-manual>

*Mizajou jen 2023*

**Ou gen kesyon? Rele ling asistans RMV a: 857-368-9362 oswa vizite**  
**<https://mass.gov/wfma>**

**Swiv:**

**Facebook @DrivingFamiliesForward | Twitter @DrivingMA4ward**